# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–25 मई 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवे कि आपरेसन सिंदूर दुनियाभार में आतंकवाद से लड़ाई में नया उछाह क संचार कइले हौ। आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम में आजु श्री मोदी कहलें कि अपरेसन सिंदूर खाली सैन्य मिसन नाही हौ बलुक देस क संकलप अउर साहस हौ।

**ऑपरेशन सिंदूर के दौरान हमारे सेनाओं ने जो पराक्रम दिखाया है। उसने हर हिंदुस्तानी का सर ऊचा कर दिया है। जिस सटीकता के साथ हमारी सेनाओं ने, सीमा पार कर आतंकवादी ठिकानों को ध्वस्त किया। वह अद्‌भुत है, ऑपरेशन सिंदूर ने दुनिया भर में आतंक के खिलाफ लड़ाई को नया विश्वास और उत्साह दिया है।**

मन की बात कार्यक्रम में प्रधानमंत्री आपरेसन सिंदूर में भारत में बनल हथियार अउरी प्रौद्योगिकी के इस्तेमाल क चरचा करत एह के आत्म निरभर भारत के संकलप से जोड़लें। उहां के देसभर में निकारल जा रहल तिरंगा जतरा के सराहनीय बतउलीं। उहां के खेलो इंडिया यूथ गेम्स क जिकिर कइले के साथे एकइस जून के मनावल जाए वाले विस्व–योग दिवस के ले के अबहिने से देखाइ दे रहल उछाहो के चरचा कइली अउरी रोचक तरिका से योग दिवस मनवले क आह्वान कइलीं।

**********

आपरेसन सिंदूर क सफलता के बादि सेना के सम्मान में देसभर में तिरंगा जतरा निकारल जा रहलि हौ। ऐहि क्रम में आजु जौनपुर जिला में परदेस क खेल अउर युवा कल्याण मंत्री गिरिश चन्द यादव तिरंगा जतरा में हिस्सा लिहले। ऐह मौका पर उहां के सेना के सौर्य क सराहना कइलीं।

**********

नीति आयोग क मुख्य कार्यकारी अधिकारी बी वी आर सुब्रमनयम कहले हवें कि भारत जापान के पछाड़ के दुनिया क चउथी सबसे बड़हन अर्थव्यव्स्था बनि गइल हौ। दिल्ली में नीति आयोग क बइठकी के बाद डाक्टर सुब्रमनयम भरोसा जतवले कि अगिला दुइ से तीनि बरिस में भारत तीसरी सबसे बढहन अर्थव्यव्स्था बनि जाइ।

**********

मुख्यमंत्री आदित्यनाथ बिहने लखनऊ के लोकभवन से बेसिक सिक्षा बिभाग क कई गो योजना अउर कार्यक्रम क सुरूआत करिहें। उहां के निपुण घोसित हो चुकल स्कूलन के प्रधानाचार्य अउर सिक्षकन के परमाण पत्रों बांटब। एकरे बदे जिलन में परभारी मंत्रियनो के जिम्मेदारी दिहल गइल हौ।

**********

संघ लोकसेवा आयोग–यूपीएससी के ओरि से सिविल सेवा प्रारंम्भिक परीक्षा आजु देसभर के प्रमुख सहरन में दुइ पारी में आयोजित भइल। पहिला पारी भिन्ही साढ़े नौ बजे से आ दूसरका पारी क परीक्षा दुपहरिया बाद अढाइ बजे से पूरा भइल। यूपीएससी परीक्षार्थियन बदे पुरहर दिसा निरदेस जारी कइले रहे। कउनहू परीक्षा केन्द्र से अबहिन ले कउनो सिकायत नाही मिलल हौ। परीक्षार्थियन क सुविधा बदे प्रमुख सहरन में यातायात व्यवस्थों में बदलाव कइल गइल रहे।

**********

उत्तर प्रदेस राजर्षि टंडन मुक्त विश्वविद्यालय क जून क इन्तिहान एकतीस मई से सुरु होइ आ पचीस जून के खतम होइ। कुलपति प्रोफेसर सत्यकाम बतउलें कि प्रयागराज, लखनऊ, वाराणसी, गोरखपुर, आजमगढ़, झांसी, कानपुर, नोएडा, मेरठ, आगरा, अउरी, अयोध्या क्षेत्रीय केन्द्र से जुड़ल एक सौ उनसठ सेंटरन पे दुइ पारी में ई परीक्षा होइ।

**********

परदेस में सामूहिक विवाह योजना क धन रासि एकावन हजार रूपिया से बढ़ा के एक लाख रूपिया करे बदे सासनादेस जारी हो गइल हौ। एकर फाइदा चौबीस मई के बाद पंजीकरण करावे वालन के मिली। एगो रिपोर्ट–

***मुख्यमंत्री सामूहिक विवाह योजना के अन्तर्गत अब लड़की के खाते में साठ हजार रूपये आयेंगे जबकि उपहार सामग्री खरीदने पर पचीस हजार रूपये की धनराशि खर्च की जायेगी। पन्द्रह हजार रूपये की धनराशि प्रति जोड़ा शादी समारोह में अन्य व्यवस्थाओं पर खर्च किया जायेगा। योजना में पहले इक्यावन हजार रूपये की कुल व्यवस्था थी, जिसमें से कन्या के खाते में पैंतीस हजार रूपये भेजे जाते थे। इस बीच शासन ने पात्रता के लिये आय सीमा भी दो लाख से बढ़ाकर तीन लाख रूपये कर दी है। आकाशवाणी समाचार कक्ष से मैं रितेश।***

**********

परदेस में मानसून भले जून क दूसरा पखवारा में आवे क ओमेद हौ। बकिर कई पश्चिमी जिला में अजुवे तड़के मधिमाहे से तेज हवा के साथे भइल बरखा से लोगिन के गरमी से राहत मिलल हौ। अमरोहा, सहारनपुर, फर्रूखाबाद, सम्भल, इटावा अउर गौतमबुद्ध नगर में एक से ड़ेढ घंटा के बरखा के बाद तापमान में गिरावट आइल। मौसम विभाग के मोताबिक परदेस के पूरबी अउर पश्चिमी इलाका में अगिला दुइ तीन दिन्न ले गरज चमक के साथे हल्लुकाहे से मधिमाहे बरखा हो सकेला।

**********